

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉ/NDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan dijelaskeun saperti di handap.

- 1) Upacara adat merlawu mangrupa salasahiji upacara adat nu aya di wewengkon Ciamis, pernahna di Kampung Cipeucang Desa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupaten Ciamis. Kecap merlawu asalna tina lalawuh nu hartina kadaharan atawa deungeun. Ku sabab aya sababaraha pangaruh, tina lalawuh jadi robah kana merlawu. Ku kitunamerlawu dihartikeun kagiatan babagi kadaharan. Upacara adat merlawu dilaksanakeun ku alpukahna Syeh Padamatang. Waktu dilaksanakeunana upacara adat merlawu téh dina poé kemis jeung Jumaah sabada dilaksanakeunana Panjang Jimat di Cirebon. Dina dilaksanakeunana upacara adat merlawu téh kabagi jadi tilu acara, nyaéta ngarangké, meresihan pusaka, jeung merlawu. Ngarangké asalna tina rangki, nu hartina sabagian tina hateup nu diwangun ku usuk, eréng, welitan eurih nu diselapan kakaban injuk jeung ari pageuhna usuk at. eréng ditalian ku tali unjuk. Pangna disebut ngarangké sabab mémang sarua siga rangki, pager dijieun tina usuk awi nu tuluy dipageuhan atawa ditalian maké tali injuk.
- 2) Dina prak-prakanana, nu mimiti dilaksanakeun téh acara ngarangké. Saminggu saacan prakna merlawu, masarakat Wanasigra nyieun kikis atawa pager. Acara ngarangké dilaksanakeun sapoé saacan prakna merlawu. Sabada dilaksanakeun ngarangké, bada Lohor masarakat Wanasigra ngalaksanakeun acara meresihan pusaka di imah kuncén. Dina dilaksanakeunana upacara adat merlawu téh disuguhkeun rupa-rupa sasajén nu tangtu. Sasajén anu disuguhkeun nyaéta parukuyan menyan atawa dupa,

cai kembang ros, cikopi hideung jeung amis, cientéh hideung jeung amis, antéwor, bakakak hayam jago, sorabi, roti tawar, dewegan, kawung saéran, huut lembut, jeruk mipis, cai kembang rampé, sangu ketan, gula kawung jeung gula batu, roko jeung surutu, beuleum peda beureum, cabé beureum, bawang beureum, beuleum tarasi beureum, jeung kopi golondong. Salian pusaka nu dipimilik ku kabuyutan Gandoang, aya ogé pusaka nu diberesihan milik warga. Pusaka-pusaka nu dipimilik ku kabuyutan Gandoang nyaéta keris borojol, dua mata tumbak, péso pangot, sadok, jeung kujang saji. Peutingna sabada acara meresihan pusaka, dilaksanakeun pawéy nguriling lembur dina waktu bada Isa. Tuluy sabada dilaksanakeunana pawéy, dilaksanakeun acara tawasula di kabuyutan. Dina acara tawasulan peuting, aya nu marulang deui, aya nu mareuting atawa ngemitan di kabuyutan. Isukna, bada Subuh masarakat Wanasigra ngaraleut laleumpang ka kabuyutan bari ngajaringjing atawa nyaruhun kadaharan. Sabari nungguan dimimitiana acara merlawu, masarakat nu geus di pakarangan kabuyutan ngahariringkeun solawat Nabi. Prakna acara dimimitian, dibuka ku pangjajap ti aparaturn pamaréntahan. Sabada pangjajap bérés, tuluy bapak Suparman MD ngadadarkeun sajarah Wanasigra. Sabada éta pihak panata calagara ngadadarkeun perkara pantrangan atawa pepegon asuk ka lingkungan kabuyutan Gandoang. Sabada masarakat Wanasigra ngarumpul di sabudeureun makam Syeh Padamatang tawasulan dimimitian. Tawasulan dipingpin ku Ustad Oyong Wahyan. Masarakat nu milu tawasulan, marawa cai keur didu'aaan. Sabada tawasulan bérés masarakat balik deui ka tempat narunda babawaan kadaharanana, tuluy masarakat balakécrakan silih asaan jeung silih babagi kadaharanna nu dibarawana. Bérés acara, warga gawé bareng meresihan lingkungan pakarangan kabuyutan kurut balakécrakan.

- 3) Ajén budaya dina wujud ideas nyaéta ngawengku ajén teoritis, ajén réligi atawa kaagamaan, ajén éstétik, ajén sosial, ajén ékonomi, jeung ajén moral. Wujud *activities* nu ngawengku tahap saméméh, pelaksanaan, jeung sabada. Wujud *artifact* nu ngawengku kana sasajén.

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu*

Unsur kabudayaan nu nyampak dina upacara adat merlawu ngawengku: (1) unsur réligi, dina saban bagbagan acara merlawu dibuka ku du'a sangkan acara lumangsung kalayan lancar, ayana handaruan solawat ngalagena, jeung dilaksanakeunana tawasulan; (2) unsur kamasarakatan atawa organisasi sosial, ayana nu mingpin acara, penanggungjawab acara, girang serat, jeung juru simpen; (3) unsur élmu panga weruh, nyaéta pangaweruh nalika prosés nuar awi, meulahan awi jadi balabar atawa perteguh, jeung nyieun pager atawa kikis. Hartina dina prosés nyieun pageur téh teu sagawayah, aya cara nu tangtu. Tuluy dina prosés meresihan pusaka, média nu digunakeun nyaéta média nu teu matak ngaruksak kana pusaka jeung bisa ngajaga kaawétanana; (4) unsur basa, nu digunakeun nyaéta basa Sunda, basa Arab, jeung basa Indonesia. Éta hal katitén dina pamapag jeung du'a; (5) unsur kasenian, katitén dina prosés nyieun pageur nu diéndah-éndah jeung dirapih-rapih, jeung nalika pawéy ti peuting nu némbongkeun kaéndahan sora dina wangun tatabeuhan jeung seni rupa dina hiasan lalampionan; (6) unsur pakasaban atawa sistim ékonomi, nyampak dina unsur tatanén jeung industri. Rupa-rupa sasajén anu disuguhkeun téh hasil tatanén asli ti Wanasigra. Ku kituna bakal ngawanohkeun kana poténsi alam di éta wewengkon. Lian ti éta, ku ayana masarakat luar nu datang bakal wanoh kana industri naon waé nu aya di Wanasigra; (7) unsur pakakas atawa téhnologi, nyampak dina ayana parobahan pakakas nu dipaké saperti pakakas komunikasi pikeun ngabewarakeun bakal dilaksanakeunana upacara adat merlawu. Dina pakakas properti ngagunakeun mik jeung *speaker* dina lumangsungna acara sangkan naon nu ditepikeun bisa katarima kunu ngadéngékeunana. Dina pakakas konsumsi, katitén dina nyuguhkeun sasajén, nubeheula mah ngagunakeun batok jeung sasarap daun, ayeuna mah maké gelas jeung piring. Dina raksukan, baheula mah lalaki ngagunakeun sarung saupama kakabuyutan téh, ayeuna mah ngagunakeun pakéan bébas asal beresih tina hadas gedé jeung leutik, ogé genah tur sopan.

Ajén budaya nurutkeun Kluckhons nyaéta: (1) hakékat hirup (disingget HH) nyebutkeun yén hirup téh goréng atawa pikasediheun jeung hadé atawa pikabungaheun. (2) Hakékat karya (disingget HK) nyebutkeun yén karya manusa miboga udagan pikeun kahirupan, méré kalungguhan, jeung ngahasilkeun karya séjénna. (3) Kalungguhan manusa dina ruang waktu (MW) nyebutkeun yén mangsa katukang téh penting pikeun mangsa ayeuna. Ajén budaya nu nyampak dina upacara adat merlawu katitén tina lumangsungna éta upacara adat ti mangsa ka mangsa. (4) Hakékat hubungan manusa jeung alam sabudeureunana (disingget MA) nyebutkeun yén hirup manusa ulah sagawayah, kudu nyaimbangkeun jeung alam sabudeureunana. (5) Hakékat hubungan manusa jeung sasamana (MM)nyebutkeun yén kabudayaan téh leuwih mentingkeun kana hubungan vértikal antara manusa jeung sasamana.

Fungsi tina upacara adat merlawu nyaéta:

- a. fungsi kognitif, nyaéta dina upacara adat merlawu téh ngandung atikan ngeunaan sajarah Wanasigra jeung méré informasi ngeunaan adat-istiadat nu pernah dilakukeun ku para karuhun.
- b. Fungsi éstétika, nyaéta dina upacara adat merlawu téh némbongkeun ayana kaéndahan. Saperti, ayana kaéndahan dina nyieun kikis keur acara ngarangké di kabuyutan, ayana kamonésan dina cara pawéy.
- c. Fungsi rékréasi, nyaéta dina upacara adat merlawu téh jadi média rékréasi warga Wanasigra atawa warga luareun Wanasigra.
- d. Fungsi niléy, nyaéta dina upacara adat merlawu némbongkeun saban prosési jeung unsur téh ngandung ajén-inajén nu tangtu. Ayana ajén atikan dina wangun ngaguar sajarah Wanasigra jeung pangaweruh ngeunaan adat-istiadat karuhun, ayana ajén agama dina wangun tawasulan atawa solawatan salaku média tafakur warga ka Gusti Allah, ayana ajén sosial dina wangun warga nu gawé bareng pikeun ngalaksanakeun upacara adat merlawu, sarta ajén ékonomi dina wangun

ngawanohkeun poténsi ékonomi Wanasigra ka para tamu nu datang ka acara merlawu.

- 4) Ajén-inajén nu nyampak dina acara adat merlawu, ku panalungtik dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di sakola. Ajén-inajén nu bisa diterapkeun kana pangajaran nyaéta kahiji patalina jeung sikep sasama manusa kudu ati-ati dina kahirupan kudu daek ihtiar, ulah pondok pangharepan, jeung kudu bisa ngajaga alam sabudeuran urang. Kadua, patalina jeung lumangsungna hirup dina silih lengkepan jeung silih babagi. Katilu, patalina upacara adat merlawu salaku tradisi atawa budaya Sunda, siswa salaku generasi penerus kudu wanoh jeung wajib ngamumulé upacara adat merlawu sarta ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda nu aya di wewengkona Wanasigra hususna, umumna di Jawa Barat. Kaopat, patalina jeung atikan masarakat ngalaksanakeun gawé bareng, silih lengkepan, silih rojong, jenung silih tulungan dina hirup kumbuhna. Kalima, manusa salaku mahluk nu ngagem agama kudu sadar jeung miboga kaimanan jeung katakwaan ka Nu Kawasa, kudu yakin yén hirup urang gumantung kana katangtuan Pangawasa dunya.

5.2 Implikasi

Ajén budayanu nyampak dina upacara adat merlawu dilarapkeun kana bahan pangajaran bahasan budaya Sunda. Dilarapkeunana déskripsi ngeunaan upacara adat merlawu pikeun bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di kelas XI SMA, bisa nambahan pangaweruh siswa ngeunaan budaya Sunda, hususna ngeunaan upacara adat merlawu. Ayana ajén-inajén nu nyampak dina upacara adat merlawu teh bisa jadi gambaran siswa pikeun mikanyaho jeung ngarti kana tradisi di hiji tempat ngeunaan hirup jeung huripna masarakat.

5.3 Rékoméndasi

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar dina kacindekan aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan upacara adat merlawu. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana acara tradisi nu aya di Jawa Barat, hususna upacara adat nu aya di Kabupaten Ciamis. Sangkan ieu upacara adat teu tumpur, aya sababaraha saran saperti di handap ieu.

1) Pikeun Pamaréntah

Sangkan upacara adat merlawu teu musnah, sakuduna pamaréntah ngarojong kana dilaksanakeunana upacara adat merlawu. Pamaréntah kudu leuwih remen ngarojong, ngadokuméntasikeun jeung ngawanohkeun ieu upacara adat merlawu sangkan leuwih dipikawanoh ku masarakat luareun Wanasigra.

2) Pikeun Pangajaran Basa Sunda

Upacara adat merlawu bisa dilarapkeun dina pangajaran maca jeung pangajaran séjénna. Guru kudu bisa ngamekarkeun ngeunaan upacara adat merlawu kana bahan pangajaran anu luyu jeung kréativitasna dina wangun bahan ajar.

3) Pikeun Mahasiswa

Salaku akademisi, mahasiswa dipiharep bisa ngayakeun panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan upacara adat merlawu anu bisa robah ti waktu ka waktu sabab masih loba perkara nu bisa ditalungtik tina upacara adat merlawu kalayan make téori-téori nu geus aya.

4) Pikeun Masarakat

Masarakat dipiharep bisa mikawanoh leuwih jero ngeunaan upacara adat merlawu di Wanasigra. Lain saukur hiburan atawa sarana silaturahmi wungkul tapi aya ajén-inajén anu kudu diterapkeun dina kahirupan. Salian ti eta masarakat dipihareup bisa ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda hususna upacara adat merlawu, umumna upacara adat Sunda séjénna.